Сочэ щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и плIанэпэ, Адыгэ Унэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№25 (22.683) ● 2014 гъэм мазаем (фэвралым) и 11, гъбж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Махуэпщ1ым къриубыдэу

Ди газетым зэрыстатащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и кIалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий мазаем и 7-м иригъэкIуэкIа зэIуIщIэм щызэпкърахащ республикэм и ЩIыналъэ убзыхукIэм и схемэм и проектымрэ Налшык кIалэ округым и Генеральнэ планымрэ яныщIа Iуэхугъуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭР къыщызэIуихым абы къыхигъэщащ щIыналъэр фейдэ пылъу зехьэныр, щIыпIэхэм зэрызэужь щIыкIэр егупсысауэ зэкIэпхалъэкIуэныр я кIалэм нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр.

- Социально-экономикэ зыуэщIыныгъэм и стратегиемрэ экономикэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм, социальнэ Iуэхущ1апIэхэм зэрызэужьныр я программэхэмрэ дгъэхьэзырым щхьэкIэ, щIыналъэр зэрыдубзыхунум и схемэрэ генпланрэ диIэн хуейщ. Социальнэ, промышленнэ, спорт псэуалъэ зэмылIуэужьыгъуэхэр щыдухуэну щIыпIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи щытыкIэм езэгъыу къыхэхыпхьащ. Щ1ыналъэ убзыхукIэм и схемэрэ генпланрэ дымытхьэзырмэ, ахэр тэмэму тхуэзфIэхынукым. Нобэрей лъэпкъыпхоэр къызыхэкIари генпланым дыуэримыIэращ. Налшык и планыр нужьу щыубзыхуауэ щытар 1964 гъэрщ. Зэгъэзэхуэжьныгъэ гуэрэр халъхьа нэужь, зэхьэокIыныгъэхэр игъуэтауэ 1995 гъэм ар къащтащ. Арами, абы щытыкIэр иригъэфIэкIуакъым, къуэнэху псэуалъэ мыгурыIуэгъуэхэр кIалэ уху эныгъэхэм хэзагъэркъым, гъэгъуэхэм транспортыр щызэтрехьэ, нэхъыкIэращи, и архитектурэ-эстетикэ тепльэр зэIагъэхьэ. Нэм кIыубыдым удэзыхьэхыу хэлъыр машIэщ, кIалэр тепльаджэ мэхъу. А псом кIыхьэIыу, икIэщIыпIэкIэ мы Iуэхум хэкIыпIэ къыхэуэдмыгъэуту хъунукъым, - кIыгъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Юрий икIи абыкIэ якъ жуэапыр ягъалъэщыну зэхуэсахэр кIыхуриджащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

ЦIыху 611-рэ зауэм къыхахащ

Блыщэм Женевэ щыпащащ Сириием и правительствэмрэ абы къыпэщIэт гупхэмрэ я зэпсэлъэныгъэхэм. НэхъапэмкI хуэдизу, абыхэм я дэлэщ ООН-мрэ Хьэрыпкъэраухэм я лигэмрэ я лIыкIуэхар.

Нэхъапэм зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ, зауэр махуищкIэ ягъэувыIэри, мазаем и 7 - 9-хэм Хомс кIалэм къыдашащ абы къыдэхэхуэм ящыщу цыкIу 611-рэ - щыкуфэхэр, сабийхэр, зи ныбжь зэкIуэтахэр. Абыхэм ящIыгъуу кIалэр ябгьнащ илъэс 16 - 54-рэ зи ныбжь цIыкIухъуи 130-ми. «Зауэр екIуэкIыжу абыхэм щIэпсалъэжащэ ялъжьауэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм къыщIимыгъэщмэ, я гугъу ящIынукъым», - жиIащ Хомс провинцэм и унафэщI Альбарази Талаль.

ООН-м и автомобилхэм кIалэдзэ цыкIу мамыркэр Хомс гупитIу къыдашащ. Иджыпсту абыхэм дохутырхэр якIэльэпIь, иужькIэ Iэпхъуэшапхъуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща псэупIэхэм яшэнущ.

ЛъэныкIуэхэр зопсалъэ Хомс зауэр иджыри махуищкIэ щыгъэувыIэным теухуауэ. «Къалэм иджыри къыдэнащ зауэм зи Iуэху хэмылъ цыкIу куэд дыдэ. Ахэри абы къыдумышыныр гущIэгъуншагъэ хъунт, - жиIащ Аль-Баразри. - Сириием и правительствэр хьэзырщ цIыкIухэр щIыпIэ щынагъуэм къишыным теуху Iэмал псори къигъэсэбэпыну».

Уэсышхуэ къыщэресам гугъу ирегъэхь

Япониием щыпсэухэр гугъу ирегъэхь жэщ-махуэм щIигъукIэ мыуеныIэу абы уэс къызэрыщесам. Гъэгухэм автомобиль минхэр щыщэтрихыщ, мафIэIэгу, къэухъыпатэ куэдым я рейсхэрэ къызэпаудым хуей хъуащ.

Уэсышхуэм и зэранкIэ къэхъуа автомобиль зэжьэхэуэхэм, нэгъэущI къэхъуакъащIэхэм зэкIуэдащ цIыху пщыкIыщ, 1.700-м фэбжь зэхуэмыдэхэр ятелъу сымаджэщхэм яшащ.

Уэсым и куагъыр щыпIэщIыпIэхэм сантиметр 35-рэ щыхъурт. Къэралым и къалащхьэ Токио, илъэс 45-рэ ныдэдзрэ щызымыхъуауэ, ар сантиметр 27-м щынэсащ.

Дыгъуасэ дунейм хуабэ къэхъужри, уэсыр ткIыжу хуежьащ. Абыи гугъуехь мымащIэм хидзакъым къэралым щыпсэухэр



Иранымрэ Ислъам Республикэ щыхъуа махуэщ. 1979 гъэм абы щытрадзащ къэралым унафэ щызыщI шахыр икIи республикэ хабзэхэр щагъэуващ.

Япониием егъэлъапIэ къэралыр къыщызэрагъэпэща махуэр.

● 2011 гъэм къэралым и Iуэхухэм зыкъыIэтри, и куэлыкъым текIым хуей хъущ Мысырым и президент Мубарак Хосни.

●США-м и Унэ Хужьым щызэIуощIэ Америкэм и президент Абаиз Баракэр Франджым и Iэтащхьэ Олланд Француэрэ. Ахэр тепсэлъыхьнущ америкэ-франджы зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, экономикэм щызэдэлажьэным теуху Iуэхухэм.

●Мазаем и 11 - 13-хэм Эссен (Германие) щекIуэкIынущ уэздыгъэмрэ псымрэ зэгъэзэхуауэ зэхэгъэсэбэпа зэрыхъуну щыкIэхэм щытепсэлъыхьыну дунейпсо конгрессрэ еплъыныгъэрэ.

●Мазаем и 11 - 13-хэм Москва щызэхэтынущ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм хыхь къэралхэм хущхьуэ къыщIэзыгъэкI я IэнатIэкIэм зегъэужьыным теуху Етуанэ дунейпсо зэхуэсыщхуэр.

●ЖылагъуэI лэжьакIуэ, философие щIэныгъэм я доктор, КъБКУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Унэж Кашиф** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3, жэщым щIыIэр градуси 6 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бжэн щIакъуэ тегушхуэгъуафIэщ.

● Гу зылъытапхъэ

ЦIыхухэр пIэщIэгъэкIэ псэлъэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щагъэувауэ щыта телефоныр иджыри мэлажьэ. АбыкIэ псалъэу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм законодательствэр къызэрыщызэпаудымкIэ хъыбар ирагъащIэ, апхуэдэу зыхуэфащэ чэнджэщхэм жэщми махуэми IэупщIэ хъунущ.

Телефоныр: 8(8662)40-85-30

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Жыласэ Заур Олимпиадэм къретыкI

Олимп паркымрэ Къуэбыдэ аузымрэ я зэхуакум

●Репортаж

***XXII Щ1ымахуэ Олимп Дзэгухэр гуфIэгъэувэкIа мэрем кIуам къыхэзIуахащ. Щ1ыкъ мелуанхэм я гур кьнтъэтыным хуэдэу кIэтьыпIуэ абы щ1ыхьт техьуэ мафIэр «Фьщт» стадионым щ1ыпагъэнащ олимп, дунейпсо чемпиону зыбжанэрэ щ1ыгъуэ фигуристкэ ц1эрыIуэ Роднина Иринэрэ хоккей гъуащ1ьэтет гъуэзэджэ Третьяк Владиславрэ. Хьэщ1э ъпапIэхэм яхэтащ ООП-м, МОК-м, къэрал зыбжанэм. Урысей Федерацэм я унафэщIхэр, цIыху цIэрыIуэхэр. А псори телевизоркIэ хуей дэтхэнэмк I я нэгу щIэкIагъэнщ. Олимпиадэ хужьым щыIэну зи насып кьнкIа «Адыгэ псалъэм» и корреспондентым зи гугъу ищIыну езыр зыхэтахэмрэ ар къыздэщыщIыхьуахэмрэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унэм джэгу щокIуэкI.

Сочэ дыхуэзыша гъуэгуанэр

ЦIыхУ 30 хьуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гуп «Прохладнэ» станцым мазаем и 7-м дыщызэхуэсащ. Дзэтхэнэми гуимыхуж Iуэхугъуэ къыптэпIэльэрт - ди нэкIэ зэдгъэпэгъуну ди насып кьинкIат нужькIэ я бынхэм, абыхэм я быныжхэм ирипагэу хуаIуэтэж къэхъугъэ тепльыджэ. Япэ дыдэу ди къэралым щыIэ дунейпсо мыхьэнэшхуэ зиIэ спорт зэхьэзэхуэм и курыкупсэм дыхэтыну, абы щекIуэкIэр зэдгъэпэгъуну Iэмал кьытхукъуэкIат.

ПсынщIэу нэIуасэ дызэхуэхьэщ, ди дрэжэгъуэхэмкIэ дызэхуэIуатэри, гъэру дытеуваш. Сочэ нэсдэгъ кинометр щихым нэблагъэ зэрыкIуар дымышIэу зы жэщым кIыхьэдэжкIащ.

Щ1ымахуэ Олимпиадэм и къалащхьэм дыщынэсам занщIэу зыхэтщIащ ар кьызэрыгуэкI Iуэхугъуэу зэрыщыкIыр. Дуней псом и щIыпIэ куэдым кьинкIа цIыхухэр дэнэкIи щыпIалъгъурт, зыр адрейм хуэгуфIэрэ зэрэгуапэр зыхэтащIыгъущ щIэхъуэпсу. Илъэс мин зыбжанэ и пэкIэ пасэрей альджхэм кьытхалъхьа олимп зэпеуэхэм я нагъыщIэ нэхъыщхьэрэ аращ - цIыхум цIыхур кьиIытыгъу, ар игъэтапIэу, кьарумрэ зэфIэкIымрэ хуэфащэн пщIэ хунщIу къекIуэкIыныкIыщ.

Зы бадзи къамыщIэу блэлъэтынукъым

ОЛИМП кьуажэ нэхъыщхьэр здэщыIэри зэхьэзэхуэхэр нэхъыбэу щекIуэкIри Адлер и Iэгъуэблагъэращ. А Iуэхугъуэ щыщыIэ Олимп паркым и Iуэхугъуэ щыщ1ыкIыр. Дуней псом и щIыпIэ куэдым кьинкIа цIыхухэр дэнэкIи щыпIалъгъурт, зыр адрейм хуэгуфIэрэ зэрэгуапэр зыхэтащIыгъущ щIэхъуэпсу. Илъэс мин зыбжанэ и пэкIэ пасэрей альджхэм кьытхалъхьа олимп зэпеуэхэм я нагъыщIэ нэхъыщхьэрэ аращ - цIыхум цIыхур кьиIытыгъу, ар игъэтапIэу, кьарумрэ зэфIэкIымрэ хуэфащэн пщIэ хунщIу къекIуэкIыныкIыщ.

ИтыгъэхьапIэм дыхуэкIуэну дунэтIащ. Турникетхэм упхрыкIын папщIэ, кхъухьлъатэхэм ущитIысхьэм дежи хуэдэу, джанэ пщIанэу зыпIтIэщIын, гъуущIэкIхэмрэ псыхэкIхэмрэ лъэныкъуэкIэ ебгъэзын хуейт. Сыт тщIэнт, хабзэр хабзэщ. Псом хуэмыдэу щынагъуэншагъэм пыщIамэ, абы псалъэмакъ лей пылъкъым. Ари яфIэмащIэу, турникетым нужькIэ цIыху щхьэхуэхэм псори Iэкъ дыкъалэбзэрабгъыжкащ. Абы нужькIэщ «пщащхъуэ» зыфIаща электропоездхэм дитIысхьэну дыщыгъIыпащ. Пасэу Iрохъм зэрегупсысам и фIыгъэкIэ, къэпщытэныгъэхэм зэман куэд яхьакъым. Яхьи хьунутэкъым - цIыху минхэр зэхэвэзэхэжьэу зэхэзэрыхьыжьынут.

Хьэлэмэтыращи, мыарэзыныгъэ къэзыгъэпытагъэхэр закъыгъIакъыгъхэт. Апхуэдэхэр псынщIэу лъэныкъуэ ирагъэзыпти, щабэ дыдэу Iуэхур зытетыр кьыгурагъаIуэрт икIи, лейуэ эман зэрагъэкIуэдам фIэкIа фейдэ ямыIэу, адэкIэ я гъуэгуанэм прагъашэрт.

Нэрылъагъур фIэщщIыгъуейт

АДЛЕР дыщитIысхьэри, Олимп паркым дунэтIащ. Километри 130-м нэс хуабжьагъуу кьэзыщIтэ «пщащхъуэм» абы напIэзыпIэм дыныкъэсащ. Хамэ кьэрал зызыжькъэм зэрыщыхабзэм хуэдэу, электропоездым и тепльэр дахэт, тIысыпIэхэр щабэт, вагон кIуэцI кьэс «щызежэхьэрфхэм кьуагъащIэрт дуней и хуабагъыр, зэманыр зэрыхьуар, укъызэрыращэкIыж и хуабжьагъыр.

Олимп кьуажэм дыщыблэжьым кьэтIылъагъащ ар, адрей щIыпIэхэмк I хуэдэу, кьабзэу, екIуу зэрыгэщIэкъуар. Спортсменхэм зыри зэран кьахуэмыхьэу зэхьэзэхуэхэм сыт и лъэныкъуэкI зыхуагъэхьэзыкIи зыхуагъэзыкIуам, зэманыр зэрыхьуар, укъызэрыращэкIыж и хуабжьагъыр.

Олимп кьуажэм дыщыблэжьым кьэтIылъагъащ ар, адрей щIыпIэхэмк I хуэдэу, кьабзэу, екIуу зэрыгэщIэкъуар. Спортсменхэм зыри зэран кьахуэмыхьэу зэхьэзэхуэхэм сыт и лъэныкъуэкI зыхуагъэхьэзыкIи зыхуагъэзыкIуам, зэманыр зэрыхьуар, укъызэрыращэкIыж и хуабжьагъыр.

Олимп паркым щыIэ Олимпиадэм щIэ IэпIэгъэкIэ псэлъэн папщIэ, Iэмал псори кьызэрыхуэзгъэгъэпэщам шэч хэлъытэкъым. Жылагъуэм и Iэтащхьэу ягъэува олимп, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу хэта икIи щытекIуа Исинбаевэ Еленэ абыхэм и нэIэ фIы дыдэу зэрытетынум лейуэ ущIытепсэлъыхьыныр щыIэкъым.

ЗыплъыхьыныкI зыдмыгъэщIащIэу, Олимп паркым дыкъэсащ. Бгы зэхьэзэхуэхэм кьыщынэмыщIауэ, адрей зэпеуэхэри щекIуэкIыр мырат.

2012 гъэм и щекIуэгъуэ мазэм олимп ухуэныгъэхэр дагъэлъагъуну дыщыIат. Абы щыгъуэм ди нэгу щIэкIаIэр нужькIэ ди газетым кьытедзэа «Сочэ и Къуэбыдэ аузым» тхыгъэшхуэм кьыщIытIуэтэжат. А зэман кIэщIым кьэриубыдэу зэфIагъэкIыжар телъыджэт. Илъэрэ ныкъуэрэ и пэкIэ автомашинэ хьэлъэхэр ерагъкIэ зыпрыкIыфу щыта, ятIэмэ фIейрэ щIигъэна ухуэныгъэм и лъэужь кьудей плъагъужьыр тэкъым. Нэр игъэгуфIэу дэнэкIи зэгъыбыгъат. Лъжьыгъэхэр зэрызэфIэкIа къудейм и щIыхьэтт лэчымэр иджыри кьызэрыщIихьэр, жыпIащIэ хасахэм я гъабжьэм щIэлъ ятIэр иджыри зэрызэрымыубыдар, нэгъэущIэрэ.

Джэгум и макъыр зэхэдмыхам...

ЗЫМ УКъИКIЫУ адлер лъэсу уздкIуэфыну «Фьщт» стадионыр, «Адлер-арена»-р, «Шайба»-р, «Айсберг»-р, «Ледяной куб»-р здэщыIэ щIыпIэмэ ухихьэну тынштэкъым. Зэхьэзэхуэм укIэлъыпIьыну Iэмал къызыт билетхэм ящIыгъуэ хуейт «болельщикым и паспорт» щхьэхуэр е аккредитацэр. Аргуэрыжьти, Олимп паркым ущихьэкIи абы иужькIэ стадионым ущыкIэкIи щIэрыщIэу укъащIыгт, уи билетымрэ паспортымрэ кьапщытэрт.

А псоми иджыри зэ дыпхыкIри, километр зыбжанэ зи ныкъыкъэ кIи зи бгъуагъ Олимп паркым дыкъыщыхутащ. Зи билетхэр кьыпIэрыхьа щIыхухьэ зи бэрыжжэкIэ я зэхьэзэхуэм дыхуэпIащIэу дыздэкIуэм, адыгэ джэгум и макъыр ди тхьэкIуэмэ кьиIуащ. ДызэщIэдэIукIмэ, «Дэ адыгэм ди хабзэр аращ...» псалъэхэр Апэнэс Астемыр и макъ жьгъырумкIэ зэрыIур зэхэтхащ. ЗаншIэу абыкIэ дунэтIащ.

Дынэсхуэкъ сценэм кьихьащ Бэрэгъун Марианнэ. Абы и уэрэд дахэм кьызэхуэсахэм Iэгуауэ ин хуэлътырт, джэгу нращIэкIырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа цIыху щэщIыр зэуэ дащыхьхьэм, джэгум псэщIэ игъэутыжащ. Мыбдежьым дащыхуэзащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащIэ Фыгъэ Руслан, абы и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат, «Кабардинка» къэфакIуэ гупым хэтэм,

БлэкIри кьыблэкIыжри кьыхьыхьэрэ адыгэ джэгум Олимп паркым и утыку нэхъыщхьэр зэщIиштащ. Хамэ къэрал, Урысей Федерацэм и адрей щIыпIэхэм кьинкIахэр яфIэтелъыджэу абы кIэлъыпIырт. Псоми къэфэну, я нэгу зрагъэужьыну гукъыдэжьышхуэ яIэт. ГуфIэгъуэр сценэм кьиIэпхъукIри, абы еплъэм къахьхьэпащ.

Гупыр хъуреишхуэу кьеуэвэкIауэ джэгур йокIуэкI. Мис министр Фыгъэ Руслани къытехьащ. «Кабардинка» ансамблым щыщ бзылъхугъэ тхьэIухудыр абы екIуу, Iэдэбу кьеГьафэ. Ахэр яхъуэж ди гъусэхэм, джэгум къирихьэлIа адрейхэм.

- Махуэ зыбжанэкIэ хуабжьу дегугъуу дгъэхьэзыращ Олимпиадэм щыдгъэлъэпIуэну щэнхабзэ программэр, - кьыджриащ ар нэхьыбэу зи пщэ кьыдэхуа Карчаевэ Iэминат. - Гуапэщ псори фы дыдэу кьызэрыдхьэулIар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и плIанэпэ

МИС иджы хъункъэ жаIэхукIэ, адыгэ джэгум утыкур иутIыщащкIым. Абы нужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Олимпиадэм щиIэ плIанэпэ щхьэхуэм драгъэблэгъащ. Хуабжьу ди гуапэу абыкIэ дунэтIащ. Ар Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я гъэлъэгъуэныгъэм и зы Iыхьэт.

- Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьыкъ щIыналъэхэр дызэгурыIуэри, экспозицэр зэгъусэу къызэдгъэпэщащ, абы щыгъуэми дэтхэнэ лъэпкъми и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, дызыхуэIэзэхэр щыдгъэльагъуэ плIанэпэ щхьэхуэ хэтхыжащ, - кьыджкIэ Iуэхум дыхигъэгъуазэрэ дыкъезышэкI Фыгъэ Руслан. Иужькрей маХуэхэм етIысхь зэрамыIам хуабжьу зэрыригъэшар хэплъагъуэ пэтми, абы и нэгум гуфIэгъуэр кьрех. - Фепльат мы макетым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ цIэрыIуэ кьызыхьхэхэр абы наIуэу щыбольагъу: Iуащхьэмахуэ, Шэджэм псыкъелъхэхэр, Гуэл Щхьуантэр, Налшык кIалэ. Псы хущхьуэхэр кьыщыщIэж щIыпIэхэр... АдэкIэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиер, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Шэшэныр, Ингушыр, Дагъыстэныр. Хуеиуэ зэхьэтIыхьтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуар щхьэхуэ тщIыжьынурэ здэтIщэжьныщ е, дызэгурыIуэнурэ, Кавказ Ищхьэрэр щыдгъэльагъуэкIэ зэрыщыту сыт щыгъуи утыку кьитхьэнущ.

Сочэ щыIэ Олимпиадэм теухуауэ адыгэ газетхэм зэгъусэу кьыдэдгъэкIа номер зэгуэтыр дэри гъэлъагъуэныгъэм хэтлъхьащ. НапIэзыпIэм ахэр зэбграхащ. Гуапэт плъагъуну ди Iэдакъэщ1экIыр яфIэхьэлэмэту куэдым зэрызэIэпахьр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и плIанэпэм арджэнкIэр щызэIуищэрт а Iащ1агъэм хуэдэз Мэзло Руслан. Цыхухэр кьыбгъэдыхьэуэрэ щIэупIэрт Iуэхугъуэ тепльыджэм и щхьэхуэм, ар зи сэбэпым. Руслани гупсхуу абы яхутепсэлъыхьыкIрт. Кьыбгъэдыхьэхэм гуапэ лей кьащыхъурт адыгэ тепльэ зиIэ саугъэтхэр кьаэзрыхуигъэшыр. Хамэ къэралхэм, Урысей Федерацэм и адрей щIыпIэхэм кIуэжмэ, адыгэхэм ятеучуа хьыбарым и кьежьапIэ ахэр зэрыхьунур нэрылъагъущ.

Дыдейхэм кьабгъэдэтщ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я плIанэпэхэр. Лъапэгъу Эммэрэ Хамеашвили Аминдэрэ шэрджэсэмрэ къэрэшейхэмрэ я Iэщ1элъэпащIагъэхэр ягъэтIагъуэ.

(КIэухыр 2 -нэ нап.)

Олимп мафIэр маблэ.
Сочэ, мазаем и 10.

Министр Фыгъэ Руслан.

Монакэ къэрал цIыкIум и пащтыхьым и хъуэхъу

Монакэ къэралым и тепщэ Альберт ЕтIуанэр Урысейм и спортсменхэм ядэщIэж я унэм щыIащ икIи ди командэм екъуIэныгъэ инхэр ящыхьыну зэригуапэр хьэщIэ льапIэхэм я тхьилъым иритащ. Урысей Олимп комитетым и унафэщI, Дунейпсо Олимп комитетым хэт Жуков Александр щыIэну абы спортым теухуа экспозицэр кьыдэхикIухьащ икIи хэхауэ фIэгъэщIэгъэную кьиплъыхьащ бобслейм теухуа Iыхьэр. Ар езыри спортым мы и лIэужьыгъуэм хуэIэзэу щытащ икIи олимпиадэу тхум хэтащ.

1985 гъэ льандэрэ Альберт ЕтIуанэр Дунейпсо Олимп комитетым хэтщ.

Альберт II Iэжьэм исщ.

Путин Владимир Урысейм и спортсменхэм ядэщIхэм яхуозэ

Тхьэмахуэ махуэм УФ-м и Президент Путин Владимир Сочэ кьалэм и Олимп паркым щыIащ икIи ди спортсменхэм ядэщIхэм я унэм кьыщызэрагъэпэща экспозицэм епльащ. Абы мы проектым и кьызэгъэпэщыкIэр хуабжьу игу ирихьащ, апхуэдэу ди спортсменхэм япэ текIуэныгъэхэр кьызэрахьамкIэ кьызэхуэсахэм ехьэхуащ.

Урысейм и Олимп комитетым и вице-президент, тхуэнейрэ Олимп чемпион хьуа Давыдовэ Анастасие хьащIэр унэм кьыщришэжащ икIи абы кьыщызэрагъэпэща экспозицэм щыгъуазэ ищIащ, апхуэдэу мы проектым нэхъ жыджэру хэлэжьыхь волонтёрхэр иригъэщIыхуащ.

Ан Виктор и жэз медаль

Олимп Джэгухэр зэщIэпIьэ зэпытщ. Ещанэ махуэм шорт-трек спорт лIэужьыгъуэмкIэ екIуэкIа зэкIэхуэм ди къэралым и щIыхьэ зыбжанэм хэтащ икIи мыеэмытIэу кьыхэжаныкIащ. Кьыдэщхэр дыгъуасэи игъэгуфащ Виктор - метр 1.500-м кьыщызэдэжахэм жэз медальр кьащыфIихьащ.

Гаэтыр кьыщыдэкIым ирихьэлIэу УФ-м и командэ кьыхэхам зэкIэ медалитху иIэу арат - дыщэу зы, дыжьынрэ жэзу тIурытI. Иджыри кьэс екIуэкIа зэпеуэхэм нэхъ «кьаэхъыпдыкIар» ди фигуристхэрщ - мазаем и 9-м абыхэм командэ зэпеуэм дыщэ медаль кьащащхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унэм джэгу щокIуэкI.

Махиплцыым къриубыдэу

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нан.).

Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къудзэм и пщэрылыр езыхьэкI, архитектурэмрэ къалэ ухэныгъэмкIэ департаментым и унафэщI КхьэлIуфэ Иринэ эрыжи-IамкIэ, генпланыр илъэс 20 пIалъэм тращIыхь. Абы щагъэбелджылы къалэм зэрызиужьыным пыщIа Iуэхугъэу иэхьыщхьэхэр.

- Генеральнэ планым хуэзэну мыпкур иIами, Налшык къалэ округым и администрацэм 2012 гъэм а лжьыгъэр иригъэкIуэкIакъым. Иджыпстэ дызэрыгъэзэр илъэс 22-рэ и пэкIэ Мэзкъу и «Гипрогор» институтым щагъэхьэзыра тхылъырщ. Иужьрей лъэхъэнэм Налшык и хьэблэхэм щрагъэкIуэкIа ухэныгъэ псори планыкъым тету яубзыхуащ. Нобэрей зэманым ар къезэгъыжьркъым. Абы кьыхэкIыу, пIалъэ кIэщI дыдэм кырубыдэу генпланыщIэ дгъэхьэзырыну кьытпэщытщ, - кьигъэлъэгъуащ КхьэлIуфэ Иринэ. - Щхьэзыфlэфlу ухэныгъэ куэд зэрыригъэкIуэкIым хуабжу дегъэпейтей. Ар къызэтегъэувыIэн хуейщ. Архитектурэ теплъэр Iисраф ящым и мызакъуэу, шынагъэщхуи пылъщ. Iэубыдыпlэншэу хабзэр къызэрызэпаудым къалэдэсхэр егъэгубжь, коммуналнэ хозяйствэм и Iнатlэхэр лъэпощхьэпо ихъэм хагъэтщ. Апхуэдэ щытыкIэ къызэрыхъуамкIэ къалэ администрацэм жэуапыр зыщхьэщихырькым, ауэ хуиныту яхуахэр якъутэжьи щхьэкIэ, суд унафэ щыIэн хуейщ.

КIуэкIуэ Юрий щIэупщIащ прокуратурэм и лъэныкъэкIэ щхьэзыфlэфlэ дапщэ хабзэм ирашэлIами. Апхуэдэ щымыIэу къыщиIэм, а Iуэхум жьыдэру иужь ихьэну кlэлъплъкIуэ Iнатlэр кьыхуриджащ.

- ЦIыхуэхэр ныкъуасныгъэхэм блэкIыркъым, ауэ щхьэ ахэр дэ дымылъагъурэ? - захуигъэзащ абы зэхуэсахэм.- Щапхъэу къэтхьыщ Налшык Тэрчокъуэмрэ Кировымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэсIыпIэм дежи фэтэри 135-рэ хьуэ щауха псэупIэ унэр. Ар хьэзыр хьухукIэ зыми зыри химыщIыкIауэ, уеблэмэ, гу лъымытауэ жаI. Федеральнэ щIым тращIыхьащ. Прокуратурэр, следствэмкIэ Iнатlэр дэнэ здэщыIар? Хуит зыщI тхылъхэм Iэ щIэзыдзахэм я Iуэхур щхьэхуэщ, ахэр Iудгъэкlащ. Быдэу къыхьэгъэщ: апхуэдэхэр дяпэкIэ зыхэдгъэтынукъым.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Мусуков Алий эрыжиIамкIэ, щIыналъэ убзыхукIэм и схемэхэмрэ муниципальнэ районищым я схемэхэмрэ 2011 гъэм республикэм кьыщащтащ. Кьалэ округищым ящыщу тIум - Бахъсэнрэ Прохладнэрэ - генпланхэр яIэщ, Налшыкым ейр хьэзырыкым. КьыщынымыщIауэ, кьуажи 106-м абы хуэмейуэ кьалыгъ. Зи генпланхэр кьэзыштар жылагъуэм къудейщ. Район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм абы и щхьэусыгъуэу кьагъэлъэгъуар генпланхэр зэрагъэхьэзырыну мыльку зэрамыIэрщ.

- Мы планхэр дяпэ илъэс 20-м щIигъукI куейхэм зэрызыжьыным тещIыхьащ. Апхуэдэ гугъэрэ мурадрэ уимыIэу дауэ ипэкIэ уэзрыкIуэтэнури зэрыпсэунури! Хэтлъхьэну мыльку диIэкым жьвоIэ. Ар тхурикъуу щытамэ, фрэ дэрэ мыбдеж щытщIэн щыIэтэкъым. Планыншэу дауэ зэрызыбужьынур? Мунициплъиэ щIыналъэхэм я тетри, абыхэм я щытыкIэкIэ жэуапткIуэри фэращ. Апхуэдэу щыщыткIэ, гъэныкъуэкIэ щхьэусыгъуэ къыщывмылъыхъуэу, фи пщэрылъэр нэгъэсауэ зэрыригъэзэщIэным фыпылъ, - къыхигъэбелджылыкIащ республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ езыхьэкIым.

Налшык къалэ администрацэм хабзэ Iуэхуэхэр зэхуэгъэкIуэныжьмкIэ и кьудамэм и унафэщI Тап Руслан жиIахэм едlэIуа изэхъ, КIуэкIуэ Юрий щIэупщIащ республикэм и щIыхьэрым щекIуэкIэр нэгъэсауэ щIэзэхуэхьэса хьыбар щыIэрэ щымыIэрэ. Хуэфащэ жэуап щызэхимыхым, абы кьыхигъэщащ адэкIэ апхуэдэу екIуэкI зэрымыхьунур икIи Правительствэм и Унафэщым пщэрылъ щищIащ щытыкIэр нэгъэсауэ зыджину гуп щхьэхуэ кьызэрагъэпэщыну, апхуэдэу махуищI пIалъэм кьрибыдэу Iуэхугъуэ пыухыкIаэр кьыхалъэну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и УнафэщI Храмов Константин, абы и апэ кьыдзэхэм я кьалэнхэр зыгъэзащIэхэу, Альтуд Юрий, Уянаев Казым, Правительствэм щыщхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэбзэгъэ кьулыкъущIэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

ПIалъэхэр щыхуагъэув

● КъБР-м и Правительствэм

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр мазаем и 6-м зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и премьер-министр Храмов Константин.

ЗЭХЫХЬЭМ япэу щыхэпльащ Къэбэрдей-Балъкъарым еджапIэхэр медицинэ Iуэхутхьэбзэрэ ерыскъыкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм. Кьыхалъхьа Iуэхугъуэр зэпкърихыу зэIущIэм щыщIипсэльащ ЩэхуакIуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум псэукIэ тэмэм кьыхуэзгъэпэщынымкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Бэракъ Ринат. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм и еджапIэ, и сабий гъэсапIэ 473-м щыщу 453-м медицинэ пэшхэр щыIэ. Законодательствэм кьызэригъэувым хуэдэу, 355-р зыхуей псомкIи кьызэгъэпэщащ. Пэш 88-м медицинэ Iэмэпсымэхэр щIэткъым е аэрэ кьомэщIэкI. Абы щыгъуэми, еджапIэ 329-м медицинэ тепщIыхьмэ, еджакIуэ 87598-м я ящыщу 56490-р ерыскъы пщтыркIэ кьызэрагъэпэщ. Ар шокIакIуэхэм я процент 64,5-рэ мэхъу. НыбжьыщIэхэм я процент 53,4-р е 46989-р махуэм зэ, я проценти 10,8-р е 9501-р тIэу ягъашхэу араща. УФ-м и Президентым 2012 гъэм накьыгъэм и 7-м кьыдигъэкIа Указхэм яIкъ иткIэ, пэщIэдзэ классхэм щIэс цIыкIухэм я процент 93-р нэгъабэ ерыскъы пщтыркIэ кьызэрагъэпэщ. Хуеящ.

Бэракъ Ринат кьызэрыхитъэщамкIэ, школакIуэхэр зэрагъащхэ щIыкIэр зэрыригъэфIэкIуэну республикэ программэ хэха нобэкIэ щыIэкъым. Абы кьыхэкIыу, уз зэрыщIалэхэр щIыпIэ къызэрызэпаудым кьалэдэсхэр егъэгубжь, коммуналнэ хозяйствэм и Iнатlэхэр лъэпощхьэпо ихъэм хагъэтщ. Апхуэдэ щытыкIэ къызэрыхъуамкIэ кьалэ администрацэм жэуапыр зыщхьэщихырькым, ауэ хуиныту яхуахэр якъутэжьи щхьэкIэ, суд унафэ щыIэн хуейщ.

КIуэкIуэ Юрий щIэупщIащ прокуратурэм и лъэныкъэкIэ щхьэзыфlэфlэ дапщэ хабзэм ирашэлIами. Апхуэдэ щымыIэу къыщиIэм, а Iуэхум жьыдэру ихьэну кlэлъплъкIуэ Iнатlэр кьыхуриджащ.

- ЦIыхуэхэр ныкъуасныгъэхэм блэкIыркъым, ауэ щхьэ ахэр дэ дымылъагъурэ? - захуигъэзащ абы зэхуэсахэм.- Щапхъэу къэтхьыщ Налшык Тэрчокъуэмрэ Кировымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэсIыпIэм дежи фэтэри 135-рэ хьуэ щауха псэупIэ унэр. Ар хьэзыр хьухукIэ зыми зыри химыщIыкIауэ, уеблэмэ, гу лъымытауэ жаI. Федеральнэ щIым тращIыхьащ. Прокуратурэр, следствэмкIэ Iнатlэр дэнэ здэщыIар? Хуит зыщI тхылъхэм Iэ щIэзыдзахэм я Iуэхур щхьэхуэщ, ахэр Iудгъэкlащ. Быдэу къыхьэгъэщ: апхуэдэхэр дяпэкIэ зыхэдгъэтынукъым.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Мусуков Алий эрыжиIамкIэ, щIыналъэ убзыхукIэм и схемэхэмрэ муниципальнэ районищым я схемэхэмрэ 2011 гъэм республикэм кьыщащтащ. Кьалэ округищым ящыщу тIум - Бахъсэнрэ Прохладнэрэ - генпланхэр яIэщ, Налшыкым ейр хьэзырыкым. КьыщынымыщIауэ, кьуажи 106-м абы хуэмейуэ кьалыгъ. Зи генпланхэр кьэзыштар жылагъуэм къудейщ. Район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм абы и щхьэусыгъуэу кьагъэлъэгъуар генпланхэр зэрагъэхьэзырыну мыльку зэрамыIэрщ.

- Мы планхэр дяпэ илъэс 20-м щIигъукI куейхэм зэрызыжьыным тещIыхьащ. Апхуэдэ гугъэрэ мурадрэ уимыIэу дауэ ипэкIэ уэзрыкIуэтэнури зэрыпсэунури! Хэтлъхьэну мыльку диIэкым жьвоIэ. Ар тхурикъуу щытамэ, фрэ дэрэ мыбдеж щытщIэн щыIэтэкъым. Планыншэу дауэ зэрызыбужьынур? Мунициплъиэ щIыналъэхэм я тетри, абыхэм я щытыкIэкIэ жэуапткIуэри фэращ. Апхуэдэу щыщыткIэ, гъэныкъуэкIэ щхьэусыгъуэ къыщывмылъыхъуэу, фи пщэрылъэр нэгъэсауэ зэрыригъэзэщIэным фыпылъ, - къыхигъэбелджылыкIащ республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ езыхьэкIым.

Налшык къалэ администрацэм хабзэ Iуэхуэхэр зэхуэгъэкIуэныжьмкIэ и кьудамэм и унафэщI Тап Руслан жиIахэм едlэIуа изэхъ, КIуэкIуэ Юрий щIэупщIащ республикэм и щIыхьэрым щекIуэкIэр нэгъэсауэ щIэзэхуэхьэса хьыбар щыIэрэ щымыIэрэ. Хуэфащэ жэуап щызэхимыхым, абы кьыхигъэщащ адэкIэ апхуэдэу екIуэкI зэрымыхьунур икIи Правительствэм и Унафэщым пщэрылъ щищIащ щытыкIэр нэгъэсауэ зыджину гуп щхьэхуэ кьызэрагъэпэщыну, апхуэдэу махуищI пIалъэм кьрибыдэу Iуэхугъуэ пыухыкIаэр кьыхалъэну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и УнафэщI Храмов Константин, абы и апэ кьыдзэхэм я кьалэнхэр зыгъэзащIэхэу, Альтуд Юрий, Уянаев Казым, Правительствэм щыщхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэбзэгъэ кьулыкъущIэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ.

АРУАН Алий.

хуэдэу еджапIэхэм я медицинэ пэшхэр щыIэ пщалъэхэм кьызэритIасэр зэхэзгъэкIыпхъэщ, - жиIащ кьэпсэльаъм.- КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьита тхылъым тепщIыхьмэ, еджакIуэ 87598-м я ящыщу 56490-р ерыскъы пщтыркIэ кьызэрагъэпэщ. Ар шокIакIуэхэм я процент 64,5-рэ мэхъу. НыбжьыщIэхэм я процент 53,4-р е 46989-р махуэм зэ, я проценти 10,8-р е 9501-р тIэу ягъашхэу араща. УФ-м и Президентым 2012 гъэм накьыгъэм и 7-м кьыдигъэкIа Указхэм яIкъ иткIэ, пэщIэдзэ классхэм щIэс цIыкIухэм я процент 93-р нэгъабэ

● Щапхъэ

Дол Маринэ и насып

Адыгэ цIыхубз нэсым и щапхэщ Налшык къалэ дэт 7-рэ поликлиникэм и докутыр нэхъыщхьэ Дол Маринэ Антон и пхъур. И тепльэр гуакIуэщ, и хьэл-щэныр дахэщ, лэжьыгъэм щыпэрытщ, нэхъыщхьэращи, унагъуэ жьэгум дэль хуабагъэр, хабзэмрэ нэмысымрэ зыхъумэ бзылъхугъэ зэпIэзэрытщ.

Я цIыхуфIагъым гъунэ иЭтэкъым

ЦIыхум и унагъэм щигъуэт гъэсэныгъэм, и сабиигъуэр зэригъакIуэм мыхьэнэщхуэ иIэщ. «УцIыкIуу плъагъур, уигу ибубыдэр пщыгъупщэжыркъым», - жаIэ. Дэтхэнэ зы балигъми и гъащIэр зэрызэфIэувэр куэдкIэ елытагъ и сабиигъуэр зэрыщытам, абы и къуэпсхэм цIыхур сытым дежи быдзу яIыгъщ.

- А эзаным зыхуагъасэмрэ зыхуаущимрэ фIы дыдэу къыгурымыIуэми, и нэхъыжьхэм къыжраIэмрэ абыхэм ядильагъуэхэмрэ сабийм и эзэщIэкIым увыпIэ гуэр щыбыд, - жеIэ Маринэ. - Фыри Iейри сабийм щызыхитхьэр абдежырщ. Балигъыпlэ иува нужьщ ар кууэу щызыхищIэр. Сэ нобэ фIы гуэр схэлъмэ, ар зи фIыщIэр си адэ-анэрщ. Абыхэм я дечей тетыкIэр, я Iуэху зехьэкIэр ди дежкIэ щапхъэт. ЦIыхум сэбэп яхуэхьфыну ящIэмэ, абыхэм яхуэзфIэкIынутэкъым дэмыIэпыкъун. Си адэр жэщым жеинуэгъкым, и дэIэпыкъунытгъэ хуэныкьуэ цIыхур кьиэрежьэр ищIэу. Си анэрати, сыщыхсхьаж жьыхуэпIэр ищIэртэкъым - цIыхур кьигъэгубмэ, дауэ ищIми, и псальэр игъэпэжьынут. Нобэр кьыздэсым сэри сызыхуиущиир аращ: «Дохутыр IэщIагъэр кьыщыхэпхакIэ, цIыхум удэIэпыкъуныр уи кьалэн нэхъыщхьэщ», - кьызжеIэ.

Балтыкэрхэ Антонрэ Iощрэ зыцIыхухэм жудэрэ фIыкIэ я гугъу ящI. ЗэрыжаIэмкIэ, кьэхъуакъым абыхэм Iуэхутхьебзэкъэ закъыхуэзыгъэзауэ зыгуэр щагъэщIэхьуа. Езым я Iуэхур кьагъанэрти, и цIыхэ кьезыхьэлIам зэрахуэзфIэкIкIэ дэIэпыкъурт. Я цIыхуфIагъым гъунэ иЭтэкъым. Дэтхэнэми гуфIэгуэрэ дрэжэгъэкIэ яхуэупсэу, я гуапагъэр япэ иту пежьэу апхуэздэт. Антон щыпсэуа унэм и пщIантIэм щыдыхьэжкIэ, абы джэгуу дэт сабийхэм ар зэральагъуэу гуфIэхэуэ къыпежажьэрт. Абыхэм ящIэрт дэтхэнэ зым щхьэкIи абы и жьым сытым дежи IэфIыкIэ зэрильыр. ЦIыху гу кьабзэт ар. Псори фIыуэ ильагъурт, езыми апхуэдэу гуапэу кьыхуущытыжьт. «ЦIыхуфIыр гъащIэ кIэщIщ», - жаIэ. Илъэс 50-м зэрыщIигъуа щымыIэу дунейм ехьжащ Антон, ауэ дунейм льэужь дахэ кьыстрипащ.

Дохутыр сымыхъун схуэзфIэкIакъым

Курыт школ нэужьым Маринэ щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм. Апхуэдэ щIыкIэкIи пщащэр ирикIуащ адэ-анэм я льагъум: аращ IуIри медицинэм и лэжьакIуэт.

- Си адэр «Нартан» санаторэм и рентген IэнатIэм щылажьэрт, си анэр «Грязелечебница» Iуэхущ IапIэм и бальнеофизиотерапевткъудамэм щыIэт. Абыхэм я лэжьыгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэр сэ сытым дежи згъэщIагъуэрт, шыIэныгъэшхуэ яхэлъу сымаджэхэм ябгъэдэтт, я кьалэнныр жуэдлпынытъэщхуэ пылъу ягъэзащIэрт. Абы кьищынэмыщIауэ, гъунэгъуэхэми, благъэхэми, Iыхьлыхэми, ныбжьэгъуэхэми я узынщагъэкIэ гуныкьуэгъуэ яIэ хъуамэ, псом япэу зыбгъэдыхьэр си адэ-анэрт. ИкIи сытым щыгъуи зэрахуэзфIэкIкIэ ядэIэпыкъуэрт, абыхэм ирагъэжьа гупсэхуэгъуэм езыхэм дэрэжэгъуэ кьаритырт. ГукIи псэкIи медицинэм етауэ и гъащIэ псор ирихьэкIащ си адэ кьуэш, РСФСР-м Долым. Апхуэдэу ар Налшык къалэ и ЦIыхубзхэм я советым и президиумым илъэс зыбжанэ хьуауэ хэтщ.

Лэжьыгъэм хуэгъэпса мурадхэр и куэдщ

- НэхьапэкIэ сызыпIэта IэнатIэхэм кьыщысщIа Iуэху зехьэкIэхэр идкьыпсту сызыпIрыт кьулыкъым куэдкIэ кьыщыхсуэщхьэпэжащ, - жеIэ Маринэ. - Сэ си насып кьрихьэкIри, егъэджакIуэфIхэм, IэщIагъэлыфIхэм сапэщIэхуащ. Зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI гупс сызыдэлжьаэри, кьыхэсха IэщIагъэм и пIалъэм абыхэм я деж куууэ сыщыхэгъуэзащ.

Зи унафэщI поликлиникэм и лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэным хуэгъэпса мурадхэм теухуауэ Долым жиIэн и куэдщ.

- Ди поликлиникэр IэщIагъэлI нэхэхмкIэ ирикъуу кьызэгъэпэщащ, - жеIэ Маринэ. - Дэтхэнэми ихъ жэуапIныгъэр нэсу зыхихщIэу и ЭнатIэм зэрытщ. Поликлиникэм кьепхащ цIыху мин 27-рэ, дауи, апхуэдизым я арэзыныгъэр кьэблэжьу IуэхутхьебзэкIэ яхуэпщIэнтыр тыншыкьым. Гупыр цIыхуи 158-рэ мэхъури, псори дагъуэншэу я кьалэнхэм полъэщ. Абыхэм я лэжьыгъэмкIэ мыарэзыуэ тхьэсыхафэ щыIэкъым. Я улахуэм и гугъу щIыпмэ, дохутырхэм сом мин 24-27-рэ, медсестрахэм - сомми мин 16-18, медицинэ лэжьакIуэ нэхьыщIэхэм сом мини 8-10-м нэс кьахь. «Узынщагъэ» льэпкъ проектым хэту, поликлиникэм зыхуеину Iэмэпсымэхэр кьыIэрыхьащ. Iэмал зимыIэ медицинэ страховаными полисхэмкIэ щIыхухэм пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъунытгъэхэр ягъуэт. Ди поликлиникэм и Iуэхутхьебзэхэр зыхуэздэм, абы щекIуэкI лэжьыгъэм ухэзыгъгъуэзэ хъыбар кIэщIхэр кьыщыпщIэфынущ Iуэхуцапl эм и пэIущIэ пэшым. Сымаджэхэм я Iуэхухэр нэхь псынщIу икIи тыншу зэрызэфIэкIынум теухуауэ ди лэжьыгъэр уэхзыгъэ

Олимп паркымрэ Къуэбыдэ аузымрэ я зэхуакум

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

- Дыщэидыкlыр, пыlэ щlыныр, арджэн зэlущэныр, нэгъуэщl Iэзагъ куэди ди адэжьхэм кьыт-хуагъэнащ, - жеlэ Iьапэгъым. - Ахэр кьытщlэхъуэ щlэблэми яхэтпщэжьи, хамэм кьедгъэ-щlэн хуейуэ ди кьалэну кьыдопытэ.

- Адыгэхэмрэ дэрэ сыт щыгъуи зэгъэнэгъуфlу, дыкьызыщхьэщыжу, зым и фlымкlэ адрейм дэгъашэу дыкьызэдогъэгуэрыкlуэ, - кьыдгурегъаIуэ фащэ дынымкlэ Iэпщlэльапщlэ осетин пщащэ Гогичаевэ Тамарэ. - Уеблэмэ дэ мыбы кьэтшахэм яхэтщ адыгэ фашэр. Ар фlы лэпкъыр дуней псом зэрыхэупса хьугъуэ-фlыгъуэхэм ящыщ зыщ.

Зыттlлыхьыхьухlэ Ашхтьуэт Ритэрэ Аттаев Азиоррэ аргуэру щэнхабзэ программэр зэхауб-лащ. Iьэпкъ макъамэм щыхур нэхъри кьызэхуишэсащ. «Кабардинка» ансамблым, Бэрэтъун Маринэ, Теппеев Алим, Апэнэс Астемыр сымэ псоми жыджэ-рагъ халъхьажащ. Iэгуау и ныр хуаIэтурэ аэр утыкум кьрашэ-жьыт.

ИужькIэ абыхэм дащепсалъэм кьыхагъэщащ Олимпиадэм зыкьыщагъэлъэгъуэну Iэмал кьызэрыратар щыхь ину кьызэ-ралытэр нкlи дрэжьгъуэшхуэ зэрагъуэтыр.

Адыгеим и пlанэпэри зыуlэ-пызыштэ. Ди лъэпкъым и кье-кlуэкlыкlамрэ нобэмрэ абы Iущщу кьыхэщырт.

Дигу пымыкlыу, адэкlи дахэ-тыну тфlэфlу дахуепlлъэкlыу дакьыхэкlыжащ. Олимпиадэм дыхэзыщlэну махуэ зыбжанэм нэгъуэщl кьалэныштхуэхэри кьытпэщылът.

Лъэрыжкlэ кьыззэдэжэным кьыкlэлъыкlуэу лыжэкlэ кьэзылъэтыхьхэм дахуокlуэ

АДЫГЭ пшынэм дыкьымыу-лытыщурэ спорт зэхьэзэхуэ-хэм дыкьыкlэрыхуами, аэрри зэдмыгъэлъагъуу дыкlуэжьфы-нутэкъым. «Адлер-арена»-мкlэ дунэтIащ. Цыхухъухэр абы лъэрыжкlэ кьыщыхьэджэрт. Нобэ зэхьэзэхуэт метр 5000 кьызэнэкlынымкlэ.

Стадионым изу щыхур ист. Дауи, щхьэж зыщыщ кьэра-лытъуэм и спортсменхэр трагъэ-гушхуэрт. Бжьигъэкlэ адрейхэм ебжкlдэри Урысей Федерацэм и щыхьыр зыхъумэхэм я лъэр нэхъ жан тщlыну дыхущlэжьурт. КьыдэхъуIауи кьыгущыхьужат. Арщхьэкlэ зэпеуэм и кlэухым Голландием и псынщIэрыжэхэм зыкъызэкъуахащ нкlи япэ увыпIащми езыхэм кьыщынэмы-щIа зыри бгъэдагъэхьакъым.

Абы щыгъуэми XXII Щымахуэ Олимп Джэгухэм я япэ дыщэ медалыр Америкэм и Шгат Зэ-гуэтхэм яхьащ. Сноубордымкlэ зэпеуэм псоми щефlэкlащ Коцен-бург Сейдж. Норвегиемрэ Кана-дэмрэ я лЫкlуэхэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зубыдащ.

Голландием тепщэныгъэр щи-убыда лъэрыжкlэ кьызэдэжэм дыкьыхэкlри, Кьуэбыдэ аузым дунэтIащ. Километр пlыщIым нэс зыдэпъ гъуэгуанэр «пlащ-хъуэм» дакъикъэ зыбжанэм кьызэринэкlащ. Элетропоездым зы сыхьэтым километри 130-м нэс хуабжьагъыр кьыщищтэ кьэ-хъурт, арщхьэкlэ абы и кlуэщIым ар зыкlи щызыхэпщlэртэкъым - псым уесу фlэкlа пщlэртэкъым.

Кьуэбыдэ аузым дыкьыщынlы-ри, «лыжник лъатэхэр» щызэхьэ-зэхуэну щIыпIэмкlэ дунэтIащ. Абы папщIэ Iуащхьэм дэкlын хуеят. Щыху хьырых зэрыхуэ ка-бинэхэр зыкlэрыщIа кlапсэ гъуэ-гур зэпэубыдати, автобусыр нэхъ псынщIэгъуэу кьэтлъытащ. Абыхэм щыху щэщI-щэщI ирагъэтIысхьэурэ зрачырт. Из хъуа иужькIэ бжэхэр зэкlэра-гъэпщIэжьыри, «исхэр кьэтпщы-тащ» зытетха мыхьурыр тра-гъэуэжьырт. Автобусыр гъэгуэ кьыщыувыIэныуи зыгуэрхэр хагъэтIысхьэныр хуитэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, щIыпIэм дынэса иужькIэ дыкьыщIра-гъэкlар лагъымтъыхьхьэхэмкlэ дызэрысари дэри щlэрыщIэу дыкъапщытэжа иужькIэщ. Абы десэжати, псалъэмакъ лей зыми кьыхэдгъэкlакъым.

Зы километр хуэдиз гъэгуа-нэр иджыри лъэсу дэкlуеупIэ-хэмкlэ кьызэдэжьжьри, трампли-ным кьеIэхэм я зэхьэзэхуэр щекlуэкlэ щIыпIэм дынэсащ. Лыжникхэр кьызэтэнум метр 95-рэ и гъагагът. Ари нэкlэ щIып-лъагъукIэ кьыбгрофу я спхуэ лIэужьыгъуэр кьыхэзыхахэр гушхуэ зиlэ спортсменэ зэрыщы-тыр: зы мэскъалкlэ ущыуамэ...

Арщхьэкlэ «лыжник лъатэхэр» абы есэжа хуэдэт. Зыр адрейм кlэлъыкlуэу аэрр дбгъэщIэфтыр-ти, метр 85 - 97-хэм и деж кьыщетIысхьажырт. Дыкьыщыгу-зэвэпар нпэс пщыкlух фlэкlа ныбжь зимыIэ румын щIалэ щIыкIур кьеIэну кьыщытеу-варщ. Абын лIыгъэ хэлъу кьыщIэкlащ нкlи метр 86-р кьызэ-ринэкlащ.

Трамплиным укъелъэныр зэрымыIуэху джэгур иджыри зэ наIуэ кьыптщищIащ жьы мащIэ кьыщыкъуэдам. Абы кlэлъыплъ-хэм напIэзыпIэм зэхьэзэхуэр кьызэтрагъэувыIащ. Шынагъуэ щыIэт лыжникхэр жьым ирихьэкlыну.

Сытми Урысей Федерацэм и спортсменплIри квалификацэм кlуэщIрыдгъэкlри, кьыкlэлъы-кlуэ махуэм абыхэм зэхьэзэхуэм пащэну Iэмал зэрагъуэтар ди гурыфlыгъуэу дыкъежьэжащ.

Iуащхьэм кlапсэ гъуэгум кlэрыщIа кабинэхэм дису дыкъехъ-жащ. Абы Iэмал кьэтырт адэ-мыдзкlэ уэздыгъэхэр щызэщIэ-на Кьуэбыдэ аузыр зэбгъэльа-гъуну. Сыпэмыльэщу Iупщу си нэгу кьыщIыхьащ мы щIыпIэм итьэхи 150-рэ и пэкlэ дэжа адыгэ кьужажэр. Кьыгтенауэ пIэрэ абы-хэм я щIэблэм щыщ гуэр мы дунейм? Армырамэ, ахърэт нэхуэ Алыхьым кьарит!

Хуабэр пщыкlутым кьыщыщIэдзауэ щыIэр тхум нэсыху

ОЛИМПИАДЭР щекlуэкlа япэ махуэм гъэмахуэми щIыма-хуэми дыкъыщыхутащ. Дызы-рыт зэманыр мазае мазэм и пэ-щIэдзэу, шыгъу, зэрыщытыр тщIэжьыртри, абы хуэфащэну ды-хуэпащэ Олимп паркым дыкlуащ. ПсынщIэ дыдзэу кьэтщIэжащ итьэсым кьырибыдзэу махуэ 300-м ипитым Сочэ и Iьэхуэбгаьым ды-гъэр кьызэрыщIесыр. Щыгъын хуабэхэр кьыдэхьэтьэкlыу махуэ псор дгъэкlуащ, пщэдей зы-кьэттIащIыну быдзэу ди мураду.

Сыхьэт 20-рэ дакъынкlэ 30-м щIэзыдзэ трамплиным кьеIэ-ныкlэ лыжникхэм я зэхьэзэ-хуэр здэщыIа Iуащхьэм дыщы-дэкlуеэм щIыпIэр тхум нэсат нкlи жьыгъуэзджэт. Зэпеуэм дыщы-кlэтыпIэри и тIысыпIэхэр зэ-щIэщтхьа щIыб стадионыр. Ды-щыгуфlыкlыжащ хуабэу дызэ-рыхуэпам. Мыгувэу щеI, кофе пщтыр кьэтптыхьуэу дежьэжащ.

Япэ махуэм Урысейр медалышIэу кьэнащ

СОЧЭ щекlуэкlэ Олимпиадэм и Iапэ махуэм Урысейр медалышIэу кьэнащ. Комкеистхум щыщу (псори медаль 15 мэху) ди кьэралым зыри кьыытысака-кьым. Дыщэр яIэрыхьащ США-м, Норвегием (тIу), Голландием, Канадэм.

Абы щхьэкlэ кьэмынэу тлъэ-гъуэ кьомыр ди щхьэм зэгъэзэ-хуэн иджыри имыухарэ ди лъа-кьуэхэр зэбгъэтхьажьащ кьудей-уэ, хьэщIэщым ди псэр кьэтхъэ-сыжащ. Жэщыр сыхьэт пщыкlу-тIым фlэкlами, пщафIэхэр мы-гъуэтыжьажэ кьыптпIэнэрт, хуа-бжьу еIаIэну тхуагъэхъэзыра-ерыскъы зэмылIэжьыгъуэхэр тIуагъэхэуэну хуейуэ.

Адыгэ пшынэм аргуэру дрегъэблагъэ

ПСОРИ зэщIэдгъэхьэну дыхущIэкlэуну мащIэу зытедгъэ-хьэтха Олимпиадэм и япэ махуэм кьыкlэлъыкlуэ пщэдджьжьым щIэх зэрызыдмыкъыфырыр гурыIэгъуэт. Арщхьэкlэ сыхьэт пщыкlутIым щIэзыдзэну хокеймкlэ щIыхубзхэм я зэхьэзэ-хуэм деплъыну ди нэ кьыкlырт. Щыхухъуэм я зэпеуэм ар, дауи, пэхъунукъым. Апхуэдэу щыт пэ-ми, уIэбзмэ уальъэсэину кьыпп-щыхъуу, пщащэхэм я зэрыгъэ-кlиI макъыр Iупщу зэхэпхьы абыхэм уаэхплъэну уасэ иIэ-кьым. Псом хуэмыдэу зэпэщIу-ваэр викингхэм я щIэблэ шведхэм-рэ самурайхэр зи кьежьапIэ японхэмрэ арамэ.

Олимп паркым дызэрихьэу адыгэ пшынэр зэрыбзэрабзэм гукъыдэж тIуащIэ кьыдитащ. Дыгъуасэ «Кабардинка» ансамблыр утыкум имыкlа хуэ-дэт. Хьэтиякlуэм гъэрыгъуэрэ кьэфэнухэр утыкум кьришэрт нкlи блэкlри кьыблэкlыжри кьызэтеуIыIэурэ адыгэ кьафэм я нэ щызу кlэлъыплъырт. Дыдей-хэм дахэмыхьажу, дэри, дауи, дыблэкlакъым. Джэгункlэ зыд-гъэщIа иужькIэ «Шаиби» ста-дионымкlэ депIэщIэкlащ. Абы щыхур изу екlуэлакlэт.

Iэпкlыпъэпкъ пIащэ зиlэ швед щIыхубзхэр я щIыхухъхуэм кьаззэрыщIхьэщыкlI щIымыIэу кьыппщIыхьурт. Япон пщащэхэр нэхъ Iэмащlэльэмащlэт. Арати, пъэщагъымрэ псынщIагъымрэ зэпэщIэуващ. Зыри кьыкlэтэну уейтэкъым нкlи дэтхэнэри ерыщу текlуэныгъэм хущIэкъурт. Шайбэр зэрэпыхьымыкlи, зэхьэ-хуэныгъэхэмкlи Iэпэпкъуитlри Iэзэт. Ауэ гъуэм дэтгъэкlыным Iуэхур щынэсым и деж нэхъ хуэ-мыхухэт. Зи насып кьикlар мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм нэхьыбгъэ хэта нкlи щытекlуа скандинав-хэрщ.

Япэ медалыр ди кьэралым къехь

ХОККЕЙМКlЭ зэIущIэр зэриу-хьыу дыгъуасэ дызэдещIа «Адлер-арена»-мкlэ дунэтIащ. Абы щыхубзхэр метр 5000-кlэ кьы-щызэдэжэнут. Быдзу ди мурадт Урысей Федерацэм медаль зы-гуэр кьимыхьауэ абы дыкъыщI-эмыкlыну.

Япэ дыдзу кьэжа Шиховэ Екате-ринэ и хьэрхуэрэгъу япон щыхубзым ефJэкlащ, арщхьэкlэ кьиптъэпсэтъуа зэманым гугъэш-хуэ зигъэщIырэкъым. Ар псынщIэ дыдзу наIуэ хъуащ.

Граф Аннэ нэхъ нужьыIуэкlэ кьэжахэм ящыщащ нкlи, езыри пэмыплъауэ, зэманыфI дыдэ кьиптъэпсэгъуащ. Абы бжьыпIэр зэрнубыдам псоми дрэжьгъуэ кьыдитат. Езы Анни гуфIэгъуэм зэщIыщтауэ стадионым и хъуре-ягъыр кьыйыхьырт, олимп чем-пион хъуа фIэкlа умыщIэну.

Арщхьэкlэ абы и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэр иджыри утыку кьыкъытэкъым. Мис Чехием и лIыкIуэм зетъэхъхьэр. Банкувер нужьу щекlуэкlэ Олимпиадэм ар и чемпионр. Голландием и спортсментIми кьэжэн хуейуэ кьыпэщыIащ.

Чехием кьыкlам и Iэзагъыр зэ-рыпъагэр щIигъэбыдэжащ. Абы Граф кьиригъэкlуэтэжащ. Допль-рэ, Анна пIейтеуэ етIысэжащ. Иджы гурыIуэгъэщ Олимп чем-пион зэрымыхъунур.

Голландием и лIыкIуэр чех спортсменкэм ефJэкlыжащ. Абы кьэжкlI Граф Аннэ дыжьжьри кьы-зэрыпымысынур. Ар апхуэдизкlэ мэгузавэри, тетIысхьэпIэм тегъуэтъхьауэ тхъэ йолъэIу. Жэ-щэр нэхъ мыхъумы...

Иужьрей къызэдзэжэм куэд елъытат, Абы хэтт Голландием нэгъэщI и зы лIыкIуи. КIэрах-хьэр ягъаеуэ зэрыкъэрачу стадио-ным исхэм я макъ лъэщхэмкIэ зыжькъэу «Аннэ, Аннэ...» жаIэ, се-кундхэр кьыпабжьыкIыурэ. Абы голландкэр игъэдзыхащ нкlи бжьыпэр зыIыгъхэм яхитъэхьа-кьым. НапIэзыпIэм Граф Аннэ кьыщылъэтащ. Абы и ныбжьэгъухэм, тренерхэм зыкъра-дзауэ Iэплlэ кьыхуащI - иIэщ Урысей Федерацэм XXII Олимп Джэгухэм я медаль!

Адэкlэ дыжьынри, уеблэмэ дыщэри кьыкlэлъыкIуащ. Бобслеймкlэ зэхьэзэхуэм Демченко Альберт етIуанэ щыхъуащ. Финуристкэ ныбжьыщIэ Липницкая Юлие Олимп чемпион хъуащ.

Адыгэ унэм и хьэщIэщым

СПОРТ зэхьэзэхуэхэмкlэ зыд-гъэпщIауэ, «Адыгэ унэм» ду-нэтIащ. Адрейхэм хуэдэу, федера-льнэ округ зыщыщым химыу-быдэу ар щIхьэхуэу щытщ нкlи жьантIэр зыIыыгъэсахэм ящыщщ. Гуапэщ, мы Олимпиадэр ще-кlуэкlI щIыналъэр адыгэхэм я лъапсэжьу зэрыщытыр ящы-мыгъупщэу апхуэдэ пщIэ кьы-зэгъэпэщакlуэхэм ди лъэпкъым зэрыльагъэсар. «Адыгэ унэм-эгъэтщ, хабзэжьхэм Iэмал имыIэу кьыззэрагъэуву, хьэщIэщ, адэкlэ нобэрей махуэм кьапеубыд музей кьызздгъэпэщыну, зэпсэльъ-ныгъэхэм папщIэ пэщ щхьэхуэ хухахыну. Адыгэ ныпыр зыIыгъ щIалэгъуалэр, пъэпкъ фащэр кьызыщыльыдыкlI щIалэ кьуданэ-хэр абы и пщIантIэм дэтщ.

И чэзу дыдэу дыкърихьэлIауэ кьыщIэкlащ. Хамэ кьэралыр щып-сэу ди лъэпкъэгъуэхэр кьыщыIы-хьауэ адыгэм я кьекlуэкlыкlам пасрэй хьэпщIыпхэр ягъэльа-гъуэрэ яхутепсэльыхьырт «Адыгэ тхъэIухуд-2013» япэ дунейпсо зэпеуэм щытекlуа Кукъан Бэлэ-рэ урысыбзэр кьыззыгурыIуэхэм я тэрмэш Краснодар дэт лъэпкъ музейм и лэжьакlуэ Девгие Елене-рэ.

Псалъэмакъыр мащIэу зэрызэ-пыуар къэзгъэсэбэпри, жяеслащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым сыкъы-зэрикlар нкlи адыгэ газетхэм я номер зэгуэтхэр тыгъэу сIо-лыщкъым яхутеслъхьащ. Ауэ папIэзыпIэм зэбрахащ. Шап-сыгъым хыхьэ Кlыщмей Иным щыщ лIыжьыр гуапэу кьызэпIри, «СыкIуэжмэ, гупсэхуу седжэнщ- жиIэурэ газетыр и жы-пым иритъхьащ. «Адыгэ псалъэр-кьызэдащтащ Германием, Сири-ем, Норданием, Тыркум, уеблэ-мэ, Эмират Зэгуэтхэм кьыкIа ди лъэпкъэгъуэхэм. Краснодар дэт музеймк эксемплIар зыбжанэ щIалъхьану занщIэу хахащ. Адыгэ кей, кьэбэрдей, шэрджэс кьэпсэ-лъыкlэхэр абы зэрытеддзам псоми Iэмал кьаритащ езыхэм нэхъ ин зэгъэнэгъу диалектымкlэ тIхэ-хэм ди лъэпкъэгъуэр еджэну, я благъэхэм, Iыхьлыхэм ар ира-гъэльагъэну.

Краснодар крайм и администра-рращэм щIыпIэ Iуэхуэхэмкlэ и де-партаментым и унафэщIым и кьуэдзэ Кlэрмыт Мухьдин щы-гъуазэ дыхущIащ «Адыгэ унэр-Олимп паркым кьызэрыщIыхь-гарыгъэпэща щIыкIэм. Кьызэрыт-щIамкlэ, ар зи жэрдэмри тра-гъэкlуэда мылъкур хэзыхари крайм и унафэщIэрщ.

«Адыгэ унэм- дащыхуэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэ-хэми.

- Мы щIыналъэм иджыпсту щекlуэкlI гуфIэгъуэр спортым теуха уа щхьэкlэ, зэхъуэкlыныгъэ куэд кьыытхэзылъхьэ Iуэхугъэщ, - кьыджиIащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Гуапэ тщIэкlу Олимпиадэр кьыззэзы-гъэпэщахэм я унафэщIхэм ящыщ зы, ухуэныгъэхэр зи нэ щIэта Козак Дмитрий, Краснодар крайм и губернатор Ткачёв Алек-сандр сымэ, адрейхэми хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъу-хэр щхьэхуэу кьыззрыгъэгъэ-гъэльагъ. Кьэралым и Iэтащхьэмэ езыхэм кьабгъэдэкlыу абыхэм жаIащ Олимпиадэ хуэжьыр нобэ щекlуэкlI щыналъэр ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм яйуэ зэры-щытыр нкlи пщэ хэха зэрыхуэ-щIыр. Фэри фощIэ Олимп пар-кым «Адыгэ унэм» кьыпэхъун куэд зэрыдэмытыр - ар дуней псоми ялъагъу. Кьыщынэмы-щIауэ, мы щIыпIэм кьынэжа шапсыгъхэм мы ухуэныгъэшхуэ-хэм яфl екIащ: я гъуэгуэр, псэ-уалъэхэр, Iуэхутхьэбзэщlапlэхэр ефIэкlуащ. Ар гуапэ дыдэ ящоюу хамэ кьэрал кьикlыжу кьыытхуеблэгъэжа ди къуэш-хэмрэ ди шыпхъуэхэмрэ. Адыгэр зэи мыкIуэдыжыну, адыгэ ма-кьыр сыт щыгъуи адэжь щIы-налъэм щыIну псоми сехъуэ-хьуну сыхуейт. Нобэ екIуэкI мы Iуэхур адыгэр зыгъэкlуэгэн, абы и щIэр фlыкlэ жезыгъэIэн Тхьэм ищI!

Дунейпсо мардэм къотIасэ

СОЧЭ и Iэгъуэблагъэм мы ма-хуэхэм щекlуэкlI Олимпиадэр дунейпсо мардэм кьызэритIасэм шэч хэлъкъым. И щIыналъэм уэзрихьэу ар зыхьыбощIэ. Ухуэныгъэ екIуэкр, Iуэхутхьэбзэ уэзщIахэр, транспорт, связь зэпыщIэныгъэхэр. Уэзыщымы-гъуазэ щыIэмэ, сыт щыгъуи кьыбдэIэпыкьунущ ди кьэралми дунеим и адрей щIыпIэхэми кьраша волонтёр ныбжьыщIэхэр. Абыхэм я нэхъыбзэр пщIэнщэу лажьэми, я гуапагъэмрэ жьыдэ-рагъымрэ уэзыIапашэ.

Апхуэдэ щытыкlэ ди кьэралым зэгуэр щыщIэну фIэщщIы-гъуэт. Арщхьэкlэ Олимпиадэм кьытхуэзIуиха зэIущIэ, зэхъэзэ-хуэ инхэм Iэмал кьыдат дуней-псо мардэхэм дыхущIэкъуну, ахэр ди гъащIэм хэттащэну, Пэжщ, улахуэм и гугъу умыщIэ, уасэхэр абы кlэлъеIащ. Кьап-щтэмэ, дызыкlэтыплъа спорт зэхьэзэхуэхэр щекlуэкlI стадион-хэм дихьэн папщIэ сом мминтIым щыщIэдзауэ еттащ, мини 6-м щIигъуи нэхъ гъапIэжи яхэтащ. Ауэ псори зэуэ зэпхуэщIы? Пыкьусанигъэхэр гъэзэкlуэ-жьымкlи зэман хуейщ.

Олимп парк - Къуэбыдэ ауз.

XXII Щымахуэ Олимп Джэгухэм кьыщахьа медалхэр *(мазаем и 10-м ирихьэлIу)*

	Къралыр	Дыщэ	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	Канадэ	2	2	1	5
2.	Норвегие				
3.	Голландие	2	1	4	7
4.	США				
5.	Германие	2	1	1	4
6.	**Урысей Федерацэ**	2	0	3	5
7.	Австрие				
8.	Польшэ	2	0	0	2
10.	Швейцарие				

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унэм.

Олимпиадэм кlуаш КъБР-м щыщ щIалэгъуэлэ гуп.

Олимпиадэм и хьэщIэщ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъу-рокъуэ Хьэутий *(яку дэтщ)*

Хамэ кьэрал кьыкlа хьэщIэхэр «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм йоджэ.

«Кабардинка» ансамблыр Сочэ къыщофэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъаер Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэдэгъэжкlэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налчык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъэумрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ 42-57-59; щIэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядолжэныкlэ - 42-60-53; сэнэхьаныгъэхэмкlэ, спортымрэ шIэныгъэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытехэхэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтекъуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту ягъаш.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокlI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налчык къалэ, Лениным и щIэкlэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

1 2 2 5

Мы кьыджыгъуэм елэжьащ; жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокъуэ Элlэ, редактору Хьэжьыкъаер Алик, корректорхэр: Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап)*, Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр жыIащ* Ныр Саидэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жайнэщ.

0 1

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №244